



Enfòmasyon ki enpòtan pou moun ki rete toupre Turkey Point

Angajman nou pran pou sekirite

Santral nikleyè Turkey Point lan deja pwouve anpil fwa li bay kesyon sekirite a anpil enpòtans nan tout operasyon l yo. Yo te kreye l pou l reziste ak tranblemanntè ak lòt evènman natirèl ki gen plis fòs pase nenpòt katastwòf ki frape reydon an deja. Nou bati li 20 pye pi wo pase nivo lanmè a pou l pa inonde e pou l pa afekte l è nivo dlo a monte anpil pandan yon gwo tanpèt. An 1992, Andrew, yon sikiòn kategori 5, te frape santral la dirèkteman, men sistèm nikleyè l yo pa t sibi okenn dega.

Anplis, gen plizyè nivo sekirite ki pwoteje santral la. Nuclear Regulatory Commission nan, otorite lapolis federal ak lokal yo, ansam avèk espè sekirite FPL yo toujou pare pou yo pwoteje e pou yo sekirize santral la ak enstalasyon l yo.

Nan kad angajman nou pran pou sekirite a, nou teste siyal sistèm entèvansyon pou ka ijans nou an regilyèman. Chak premye vandredi nan mwa mas, jen, septanm ak desanm, a 1 è nan aprèmidi, reprezantan otorite lokal yo pou jesyon ijans toujou teste sirèn yo. Tès sa yo dire de minit oswa mwens.

Gid sa a gen yon seri enfòmasyon ki enpòtan nan kad planifikasyon pou ka ijans pou moun ki rete nan yon distans 10 mil ak santral nikleyè Turkey Point lan. Se reprezantan otorite yo pou jesyon ijans ki te prepare l, e li bay kèk enfòmasyon debaz sou sa moun yo dwe fè si ta gen yon ijans nikleyè. Nou mete enfòmasyon sa yo ajou chak ane.

Panyòl/Kreyòl: (305) 468-5400

Enfòmasyon pou ka ijans

Planifikasyon jwe yon wòl enpòtan nan kad estrateji FPL la pou pwoteje w ak fanmi w. Sa gen plis pase 45 ane depi santral nikleyè Turkey Point lan ap fonksyone an sekirite, yon fason ki fyab. Sepandan, li itil pou n gen yon plan pou sizoka ta gen yon ijans, menmsi pa gen anpil chans pou sa rive.

Reprezantan otorite eta ak lokal yo ansam ak FPL te prepare yon plan detaye pou ka ijans pou pwoteje moun ki rete, k ap travay, ki vizite oswa ki ale lekòl nan yon distans 10 mil ak santral la. Nou teste plan sa a atravè yon seri egzèsis ak enspeksyon ki mache ak evalyasyon. Egzèsis sa yo ede otorite lokal yo byen prepare e yo kalifye yo pou pi byen reponn nan ka ijans.

Nan yon ijans

Si w ta oblige aji akòz yon ijans, sirèn yo ap sonnen nan tout zòn planifikasyon pou ka ijans lan, sètadi nan yon distans 10 mil. Si w tande yon sirèn oswa si w resevwa yon alèt ijans, sa pa fòseman vle di ou oblige evakye zòn nan.

Zòn planifikasyon pou ijans

- » Nou te divize zòn ki nan yon distans 10 mil toutotou santral la an plizyè zòn evakyasyon/abri. Nou te defini zòn sa yo pou pèmèt reprezantan otorite lokal yo bay moun ki nan chak zòn nan enfòmasyon ki klè sou evakyasyon ak/oswa sou abri.
- » Si ta gen yon aksidan nan santral nikleyè Turkey Point lan, pa gen anpil chans pou tout moun ki nan yon distans 10 mil ta afekte. Zòn ki afekte a ta depann de kondisyon meteyo yo, tankou vitès van an, direksyon van an ak gravite sitiyasyon an.

Fason w ap jwenn enfòmasyon

Nan ka yon ijans grav, reprezantan otorite yo ki responsab sekirite publik gendwa sèvi ak diferan fason pou bay moun ki rete nan yon distans 10 mil ak santral la enfòmasyon, tankou:

- » Sirèn avètisman ekstèryè
- » Sistèm alèt ijans (radyo, televizyon ak NOAA Weather Radio)
- » Notifikasiyon yo bay kay an kay
- » Radyo marin VHF-Kanal 16
- » Alèt Miami-Dade
- » Alert!Monroe

Si w pa gen ni radyo ni televizyon, rele 3-1-1 si se nan konte Miami-Dade ou ye, oswa rele (305) 468-5900 si w pa nan konte a. Moun ki pa tande byen yo ka rele nan nimewo TDD: (305) 468-5402.

Reprezantan otorite yo pou jesyon ijans ap bay enstriksyon sou sa w dwe fè. Pa blyie, si w tande yon sirèn avètisman ekstèryè, sa pa fòseman vle di ou oblige evakye. Chak premye vandredi nan mwa mas, jen, septanm ak desanm, reprezantan otorite lokal yo pou jesyon ijans toujou teste sirèn yo. Epitou, travay mentrants, kout zèklè ak loray gendwa deklanche sirèn yo pafwa.

Alèt ak avètisman

Yo klase ijans yo nan kat kategori nan santral nikleyè yo. Chak kategori ijans mande pou pèsonèl santral la ak pèsonèl gouvènman an aji yon fason ki diferan.

- » **Yon evènman ki pa abityèl** se yon ti ensidan ki pa grav, tankou move tan. Etandone reglementasyon yo estrik, gen yon seri evènman ki antre nan kategori evènman ki pa abityèl nou gen obligasyon rapòte malgre yo pa reprezante okenn menas ni danje pou piblik la. Yon evènman ki pa abityèl pa mande pou w poze okenn aksyon.
- » **Yon alèt** se yon ti ensidan ki afekte oswa ki gendwa afekte sekirite reyaktè a. Gen posiblite pou yon ti kantite matyè radyoaktif libere, men pa gen okenn danje pou piblik la. Piblik la pa bezwen poze okenn aksyon.

» **Yon ijans nan zòn santral la** se yon ensidan ki pi grav, tankou: sistèm refwadisman reyaktè a ap koule anpil, oswa yon ensidan kote gen posiblite pou yon kantite matyè radyoaktif libere oswa kote matyè sa a libere toutbon, san sa pa afekte zòn ki pa fè pati teren santral la. Sirèn avètisman ekstèryè yo ta dwe sonnen pou piblik la ka suiv estasyon radyo lokal yo oswa chenn televizyon lokal yo pou jwenn enfòmasyon ofisyèl yo.

» **Yon ijans jeneral** se kategori ijans ki pi grav la. Li posib pou gen yon matyè radyoaktif ki libere e pou l'afekte zòn ki pa fè pati teren santral la oswa matyè sa a libere toutbon, ak/oswa yon gwo evènman sekirite te rive nan santral la. Sirèn avètisman ekstèryè yo ap sonnen pou piblik la ka suiv estasyon radyo lokal yo oswa chenn televizyon lokal yo pou jwenn enfòmasyon ofisyèl yo.

Sa pou w fè

- » Si w tande yon sirèn oswa si w resevwa yon alèt ijans, suiv estasyon radyo lokal yo oswa chenn televizyon lokal yo, oswa ale sou Entènèt pou jwenn plis enfòmasyon. Si w tande yon sirèn, sa pa foseman vle di ou oblige evakye. Chèche plis enfòmasyon anvan ou pran yon desizyon sou sa w pral fè.
- » Si gen yon ijans, pale avèk fanmi w, zammi w ak vwazen w nan zòn nan pou asire w yo konprann sitiyasyon an e yo ka fè tout sa ki nesesè.
- » Moun ki rete nan zòn planifikasyon pou ka ijans lan, sètadi nan yon distans 10 mil ak santral la, ta dwe byen konnen kat zòn nan, wout evakyasyon yo ak sant resepsyon pou ka ijans yo.
- » Chak lekòl ki nan zòn planifikasyon pou ka ijans lan, sètadi ki nan yon distans 10 mil ak santral la, gentan mete sou pye yon plan ijans. Tcheke sa ak lekòl ou epi verifye ki plan ijans li genyen.
- » Si w bezwen èd pou evakye, kontakte reprezantan otorite lokal yo pou jesyon ijans depi kounye a.
- » Chèche konnen ki kote abri ki disponib yo ye epi chèche jwenn enfòmasyon sou evakyasyon.

Abri ki disponib yo

Si ta gen yon ka ijans nan santral nikleyè Turkey Point lan, menmsi pa gen anpil chans pou sa rive, yo gendwa mande w pran refij kote ou ye a. Sa vle di ou ta dwe antre anndan tousuit. Si w gentan anndan, rete la. Souvan, w ap pi byen pwoteje si w rete anndan kote ou ye a.

Fè bagay sa yo:

- » Fè timoun yo ak ti bèt yo antre.
- » Suiv yon estasyon radyo ofisyèl oswa yon chenn televizyon ofisyèl pou siveye sitiyyasyon an e pou jwenn lòt enstriksyon nan men reprezantan otorite lokal yo.
- » PINGA w al chèche timoun yo lekòl, nan jaden danfan oswa nan gadri. Timoun yo ap jwenn refij nan bilding lekòl yo a e pèsònèl lekòl la ap pran swen yo.
- » Eseye pa rele moun nan telefòn depi sa pa yon ijans.
- » Fèmen tout pòt ak fenèt yo epi klete yo oswa bloke yo. Lè w klete oswa bloke pòt ak fenèt yo, kote ou ye a vin pi byen izole.
- » Etenn sistèm vantilasyon ki rale lè ki deyò a.
- » Kontinye sèvi ak sistèm vantilasyon yo si yo annik fè lè ki gentan anndan kay la sikile.
- » Kouvri manje yo oswa mete yo nan frijidè a.
- » Ale nan yon chanm enteryè oswa nan sousòl la.
- » Si w oblige soti, kouvri nen w ak bouch ou avèk yon twal mouye ki pliye. Lè w retounen anndan, lave figi w ak men w yo epi, si sa posib, benyen ak dlo tyèd.

» Pa evakye, sof si se sa yo mande w fè.

Nan yon veiykil

- » Si w toupre lakay ou, travay ou oswa yon bilding pubblik, ale la san pèdi tan epi antre. Suiv tout rekòmandasyon yo bay kote sa a pou moun pran refij.
- » Si w pa kapab antre yon kote byen rapid, oswa si sa danjere, kontinye kondui machin ou nan direksyon kontrè ak santral nikleyè a jiskaske w rive nan yon distans omwen 10 mil.
- » Fèmen fenèt yo ak twou vantilasyon yo.
- » Si sa posib, regle sistèm vantilasyon an pou se sèlman lè ki gentan anndan machin ki kontinye sikile. Evite etenn sistèm èkondisyone w la si l fè cho. Si kò w vin twò cho, sa ka danjere.
- » Koute radyo a pou jwenn dènye enfòmasyon ak enstriksyon yo.

Nan travay la

Chèche konnen ki plan yo genyen nan travay la pou yon ka ijans kote gen matyè ki danjere ki libere. Plan yo genyen pou moun pran refij kote y ap travay la ta dwe gen bagay sa yo:

- » Anplwayè yo ta dwe fèmen biwo a epi yo ta dwe fè tout kliyan yo oswa lòt moun k ap vizite yo e ki nan bilding nan konnen yo bezwen rete anndan jiskaske ijans lan fini. Fèmen tout fenèt yo, pòt eksteryè yo ak lòt ouvèti ki konekte ak deyò a epi klete yo oswa bloke yo.
- » Pou evite moun yo rete youn sou lòt, se pou w chwazi davans plizyè chanm enteryè ki pa gen anpil fenèt oswa twou vantilasyon.
- » Yon moun ki kalifye pou sa ta dwe itilize sistèm mekanik bilding nan pou regle sistèm vantilasyon an ak sistèm èkondisyone a yon fason pou se lè ki gentan anndan bilding nan sèlman ki sikile, si sa posib.
- » Anplwayè yo ta dwe mande anplwaye yo, kliyan yo ak moun k ap vizite yo rele kontak ijans yo pou fè yo konnen ki kote yo ye e pou di yo yo an sekirite.
- » Si biznis la gen yon repondè otomatik oswa yon operatè otomatik, yo ta dwe regle l sou yon arrejestraman ki montre biznis la fèmen e ki presize pèsònèl la ak moun k ap vizite yo pral rete anndan bilding nan jiskaske otorite yo fè yo konnen yo mèt soti san danje.
- » Nan chak chanm, yon moun ta dwe ekri non tout moun ki nan menm chanm nan. Rele kontak ijans biznis la nome a pou fè l konnen ki moun ki nan chanm nan avè w e pou fè l konnen ki relasyon chak moun genyen avèk biznis la (anplwaye, moun k ap vizite, kliyan).
- » Suiv radyo a oswa televizyon an pou jwenn dènye konsèy ak enstriksyon yo.

Enfòmasyon sou sant resepson pou ka ijans

- » Suiv wout evakyasyon yo bay yo. Polisye yo ap kanpe plizyè kote sou wout la pou dirije w nan sant resepson ki pi pre w la deyò zòn planifikasyon pou ka ijans lan. Sant resepson pou ka ijans yo ekipe pou yo bay ase manje, pou abrite moun yo e pou pèmèt yo kominiye.
- » Tanpri ale nan sant resepson an pou yo suiv e pou yo anrejistre w, menmsi ou menm ak fanmi w pa bezwen yon kote pou nou rete.
- » Tanpri ale sou sit Entènèt pou jesyon ijans konte oswa eta w la, oswa rele 3-1-1 pou jwenn plis enfòmasyon.
- » Planifye sa w pral fè ak fason ou pral pwoteje ti bèt ou yo depi kounye a. Tanpri gade enfòmasyon ki anba yo.
- » Si sitiayson an mande sa, departman sante a pral mete yon seri konprime yodi potasyòm a dispozisyon moun yo nan sant resepson yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou yodi potasyòm nan, kontakte departman sante konte w la. Miami-Dade: (305) 623-3500. Monroe: (305) 293-7500.

Konte Miami-Dade

Sant resepson pou ka ijans nan konte Miami-Dade la nan Tamiami Park, SW 107th Avenue, ant SW 8th Street ak Coral Way (24th Street). Pou ale nan sant resepson sa a, pran pwolongasyon Florida Turnpike la rive nan soti SW 40th Street (Bird Road) oswa nan soti Tamiami Trail (SW 8th Street). Polisye yo pral dirije w nan Tamiami Park.

Konte Monroe

Sant resepson ak abri pou ka ijans nan konte Monroe a nan Key Largo School, 104801 Overseas Hwy, Key Largo. Polisye yo pral ede w e yo pral dirije w.

Enfòmasyon sou evakyasyon

Si ta gen yon ka ijans nan santral nikleyè Turkey Point lan, menmsi pa gen anpil chans pou sa rive, yo gendwa mande w evakye kay ou. Otorite eta ak lokal yo gen yon seri nòm ki estrik pou asire sekirite w. Yo pral di w sa pou w fè nan estasyon radyo lokal ak nan chenn televizyon lokal.

Fè bagay sa yo:

- » Suiv estasyon radyo lokal ou oswa chenn televizyon lokal ou. Reprezantan otorite yo pou ka ijans pral ba w enfòmasyon ak enstriksyon.
- » Suiv tout enstriksyon yo bay sou evakyasyon.
- » Klete pòt yo epi bloke fenèt yo.
- » Fèmen tiyo dlo yo epi etenn aparèy elektrik yo (sof frijidè a).
- » Se pou moun ki gen ti bèt sonje ti bèt sa yo mande yon kondiserasyon espesyal. Mèt ti bèt yo ta dwe prepare pou yo pran swen ti bèt sa yo e pou yo toujou kenbe yo sou kontwòl. Tanpri gade enfòmasyon ki anba yo.
- » Pran tout sa ki nesesè pou kék jou avè w, tankou rad, bagay pou lave kò w, dra ak kouvèti, ak medikaman. Pran yon papye idantite ki gen foto w ak adres ou. Tanpri gade nan paj 17 dokiman sa a pou jwenn yon lis verifikasiyon evakyasyon konplè.
- » Anplis ou pran ase rad pou kék jou, pran ase rad ak soulye pou chak moun k ap evaye ka chanje epi mete yo apa. Mete rad anplis sa yo nan yon sache plastik pou fatra ki fèmen. Kenbe rad sa yo separe ak lòt rad ou te pran yo. Chak moun k ap evakye gendwa bezwen rad anplis sa yo pandan pwosesis kote y ap verifye si yo pa gen okenn tras kontaminasyon sou yo. Pèsonèl ki responsab sekirite publik la ap fè w konnen si sa nesesè.
- » Moun ki pa nan zòn yo deklare pou evakyasyon an pa ta dwe evakye. Yo ta dwe kontinye siveye evènman an epi suiv enstriksyon otorite lokal yo.
- » Si yon moun evakye alòske sa pa nesesè, sa gendwa mete fanmi w ak lòt moun an danje, paske sa ka bloke trafik la e sa ka ralanti moun k ap eseye soti nan zòn ki afekte a.
- » Si w bezwen èd pou evakye, kontakte ajans jesyon ijans lokal ou depi kounye a pou pran dispozisyon ki nesesè yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram èd pou ka ijans e pou evakyasyon, ale sou miamidade.gov/fire/eeap.asp.

Transpò piblik nan ka ijans

Si yon evakyasyon ta nesesè, menmsi pa gen anpil chans pou sa ta rive, Miami-Dade Transit ap bay transpò tout kote ki mansyone pi ba yo:

Kòd postal 33030

- » Aquarius Mobile Home Park, 451 E Lucy St.
- » Boardwalk MHP, 100 NE 6 Ave.
- » Cocowalk Estates, 220 NE 12 Ave.
- » Homestead Senior Center, NE 16 Street ak Krome Ave.
- » Homestead Trailer Park, E Mowry Drive ak SE 2 Rd.
- » Laura Saunders Elementary, 505 SW 8 St.
- » Police Athletic League Gym, 600 Redland Rd.

Kòd postal 33032

- » Hud-Pine Island, SW 272 Street ak SW 127 Ave.
- » Naranja Elementary, 13990 SW 264 St.
- » Princetonian Mobile Home Park, 12900 SW 253 St.

Kòd postal 33033

- » Harris Field, Campbell Dr. ak S Dixie Hwy.
- » Palm Gardens Mhp, 28501 SW 152 Ave.
- » Pine Isle Mhp, 28600 SW 132 Ave.
- » South Dade Camp, 13600 SW 312 St.

Kòd postal 33034

- » Florida City – City Hall, 404 W Palm Dr.

Kòd postal 33157

- » Cutler Ridge Park, 10100 SW 200 St.
- » East Ridge Retirement Village, SW 193 Ter. ak SW 216 St.

Kòd postal 33170

- » Mays Middle School, 11700 SW 216 St.

Kòd postal 33189

- » Centennial Middle School, 8601 SW 212 St.
- » Franjo Park, 20175 Franjo Rd.
- » Southland Mall (kote sid la), 10850 SW 211 St.

Konte Monroe

Si w pa gen transpò, rele youn nan nimewo sa yo:
Ocean Reef Public Safety (305) 367-2222.

Estasyon radyo ak chenn televizyon

Konte Miami-Dade

Radyo AM

» WIOD 610 (prensipal estasyon sistèm alèt la pou ka ijans)

» WAXY 790

» WQBA 1140 (panyòl)

» WSRF 1580 (kreyòl)

Radyo FM

» WMGE 94.9

» WAMR 107.5 (panyòl)

» WRTO 98.3 (panyòl)

» WSRF 99.5 (kreyòl)

Televizyon

Tanpri gade lis chenn kab la pou zòn ou a pou konnen chenn sa yo.

» CBS 4

» NBC 6 South Florida

» WPLG Local 10

» WSVN 7

» Univision 23, Miami

» Telemundo 51

» America Teve

» WLRN 17

Sirèn

Nan yon ijans, sirèn avètsiman ekstèryè yo ki nan zòn 10 mil ki toutotou santral nikleyè Turkey Point lan ap sonnen pou pi piti chak 15 minit. Lè w tande yon sirèn, suiv youn nan estasyon radyo lokal oswa youn nan chenn televizyon lokal ki mansyone anba yo pou jwenn enfòmasyon ak enstriksyon sou ijans lan.

Si w pa gen ni radyo ni televizyon, rele 3-1-1 si se nan konte Miami-Dade ou ye, oswa rele (305) 468-5900 si w pa nan konte a. Moun ki pa tande byen yo ka rele nan nimewo TDD: (305) 468-5402.

Reprezantan otorite Miami-Dade yo pou jesyon ijans konn teste sirèn yo detanzantan.

Konte Monroe

Radyo AM

» WFFG 1300 (prensipal estasyon sistèm alèt la pou ka ijans)

» WKWF 1600

Radyo FM

Prensipal estasyon sistèm alèt pou ka ijans:

» WFKZ 103.1

» WEOW 92.7

» WWUS 104.1

Lòt estasyon:

» WKLG 102.1

» WMKL 91.7

» WKEZ 96.9

» WCTH 100.3

» WGMX 94.3

» WAVK 105.5

» WPIK 102.5

» WJIR 90.9

» WKEY 93.5

» WCNK 98.7

» WAIL 99.5

» WIIS 107.1

Televizyon

Tanpri gade lis chenn kab la pou zòn ou a pou konnen chenn sa yo.

» WFOR chenn 4

» WTVJ chenn 6

» WSVN chenn 7

» WPLG chenn 10

» WLTV chenn 23

» WSCV chenn 51

Sistèm alèt pou ka ijans

Si ta gen yon ka ijans nan santral nikleyè Turkey Point lan, menmsi pa gen anpil chans pou sa rive, yo gendwa sèvi ak diferan metòd pou ba w enfòmasyon.

Sistèm alèt pou ka ijans lan ap aktive. Sistèm alèt pou ka ijans lan se yon gwoup estasyon radyo ak chenn televizyon ki difize enfòmasyon ofisyèl pandan yon ijans. Sistèm alèt pou ka ijans lan konekte w dirèkteman ak moun ki responsab sekirite w la. Yo gendwa ba w enstriksyon nenpòt lè, lajounen kou lannuit, e yo gendwa ba w kèk rekòmandasyon sou sa pou w fè pou pwoteksyon w. Pa bay tèt ou pwoblèm si w ta rate kòmansman yon pwogram yon difize pandan yon ijans, paske yo pral repete menm enfòmasyon yo regilyèman.

Alèt mobil ak dijital

Moun ki rezidan konte Miami-Dade e ki abone ak MD Alerts yo ka resevwa mesaj tèks (SMS) sou telefòn selilè yo oswa sou bipè, nan imèl oswa sou lòt aparèy elektwonik ki konekte ak Entènèt.

Moun ki rezidan konte Monroe e ki abone ak Alert!Monroe yo ka resevwa mesaj sou metòd kontak yo prefere a, tankou telefòn selilè, SMS (tèks), telefòn lakay, imèl, faks, bipè ak lòt fason ankò, pou yo ka jwenn enfòmasyon ki ka sove lavi yo kou enfòmasyon sa yo disponib. Rezidan ki nan bazdedone paj jòn/paj blan piblik konte Monroe a ap abone ak alèt nan telefòn yo otomatikman, men Alert!Monroe pèmèt sitwayen yo enskri poukout yo, bay plis detay sou kowòdone yo oswa dezenskri.

Sit Entènèt

N ap mete enfòmasyon ki ajou sou sit Entènèt sa a e sou:

www.miamidade.gov/fire/emergency-management.asp

www.monroecountyem.com

Lòt fason pou resevwa enfòmasyon

Pandan yon ijans, ponpye yo, lapolis ak lòt reprezantan otorite lokal yo pou ka ijans gendwa voye patwouy nan zòn ki afekte yo nan zòn planifikasyon pou ka ijans lan. Patwouy sa yo pral bay enfòmasyon nan opalè ak/oswa yo prale kay an kay pou asire yo rezidan yo okouran sitiyyasyon an.

Reprezantan otorite yo gendwa sèvi ak bato, ak opalè, ak lafimen ki gen koulè ak/oswa siyal dife yo voye nan syèl la pou avèti moun k ap sikile sou dlo oswa ki nan pak ak nan lòt zòn pou moun flannen.

Transfè timoun ki lekòl yo

Si ta gen yon ijans, menmsi pa gen anpil chans pou sa rive, yo gendwa voye timoun ki lekòl yo nan yon etablisman k ap akeyi yo deyò zòn planifikasyon pou ka ijans lan.

Chak lekòl publik ak lekòl prive ki nan zòn planifikasyon pou ka ijans lan, sétadi ki nan yon distans 10 mil ak santral la, gen yon plan ijans pou asire sekirite timoun yo. Tanpri tcheke sa ak lekòl ou epi chèche jwenn enfòmasyon sou plan ijans li a.

- » PINGA w eseye al chèche timoun yo lekòl, paske sa ka nui evakyasyon an. Sa ka lakòz blokis, sa ka kreye yon seri risk pou sekirite a e sa ka anpeche otorite yo voye timoun yo kote y ap an sekirite. Al chèche ptit ou nan etablisman akèy yo mansyone pi ba a.
- » Pa rele lekòl la nan telefòn, paske yo bezwen liy telefòn yo pou apèl ki ijan yo.
- » Estasyon radyo ak chenn televizyon lokal yo ap annonse ki lè ak ki kote ou ka al chèche timoun ki lekòl yo.
- » Paran ak gadyen legal yo ka al chèche timoun yo nan etablisman akèy yo.

Konte Monroe

Nan konte Monroe a, tout moun ki nan lekòl sa yo pral transfere Key Largo Elementary School 104801 Overseas Highway:

- » Academy at Ocean Reef
- » Reef Club Kids

Lekòl Miami-Dade

Lekòl sa yo nan zòn planifikasyon pou ka ijans lan, sétadi nan yon distans 10 mil ak santral nikleyè Turkey Point lan. Si lekòl oswa gadri ptit ou (kit li publik, kit li prive) nan zòn 10 mil la, lèfini li pa mansyone anba a la, tcheke sa ak etablisman an epi verifye plan ijans li an.

- » Air Base K-8 Center for International Education prale Coral Reef Elementary 7955 S.W. 152 St.
- » Arthur & Polly Mays Conservatory of the Arts prale Howard D. McMillan Middle School 13100 S. W. 59 St.
- » Avocado Elementary prale Pine Lake Elementary 16700 S.W. 109 Ave.
- » Bel-Aire Elementary prale Devon Aire K-8 Center 10501 S.W. 122 Ave.
- » Campbell Drive K-8 Center prale Palmetto Elementary 12401 S.W. 74 Ave.
- » Caribbean K-8 Center prale Pinecrest Elementary 10250 S.W. 57 Ave.
- » Center for International Education Senior prale Palmetto Senior 7460 S.W. 118 St.
- » Dr. William A Chapman Elementary prale Ethel F. Beckford Elementary 16929 S.W. 104 Ave.
- » Coconut Palm K-8 Academy prale Coral Reef Senior 10101 S.W. 152 St.
- » Cooper, N.K. (Title 1) prale Pine Lake Elementary 16700 S.W. 109 Ave.
- » Corporate Academy South @ Homestead Sr. Prale Colonial Drive Elementary 10755 S.W. 160 St.
- » Cutler Bay Middle prale R. Morgan Voc. Tech. 18180 S.W. 122 Ave.
- » Cutler Bay Senior prale Palmetto Middle 7351 S.W. 128 St.
- » Cutler Ridge Elementary prale R. Morgan Voc. Tech. 18180 S.W. 122 Ave.
- » Florida City Elementary prale Palmetto Elementary 12401 S.W. 74 Ave.
- » Gateway Environmental K-8 Center prale Richmond Heights Middle 15015 S.W. 103 Ave.
- » Goulds Elementary prale Colonial Drive Elementary 10755 S.W. 160 St.
- » Gulfstream Elementary prale Coral Reef Senior 10101 S.W. 152 St.
- » Homestead Middle prale Arvida Middle 10900 S.W. 127 Ave.
- » Homestead Senior prale Hammocks Middle 9889 Hammocks Blvd.
- » Irving and Beatrice Peskoe K-8 Center prale Richmond Heights Middle 15015 S.W. 103 Ave.
- » Leisure City K-8 Center prale So. M. Heights Elementary 12231 S. W. 190 Ter.
- » Mandarin Lakes K-8 Academy prale Coral Reef Senior 10101 S.W. 152 St.
- » Medical Academy for Science and Technology prale Coral Reef Senior 10101 S.W. 152 St.
- » Miami MacArthur South prale Richmond Heights Middle 15015 S.W. 103 Ave.
- » Pine Villa Elementary prale Frank C. Martin Elementary 14250 Boggs Dr.
- » Redland Elementary prale South Miami K-8 Center 6800 S.W. 60 St.
- » Redland Center prale Miami Heights Elementary 17661 S.W. 117 Ave.
- » Redland Middle prale South Miami K-8 Center 6750 S.W. 60 St.
- » Redondo Elementary prale Winston Park Elementary 13200 S.W. 79 St.
- » Saunders, Laura C. Elementary prale Porter, G.L. Elementary 15851 S.W. 112 St.
- » South Dade Tech College prale Miami Killian Senior 10655 S.W. 97 Ave.
- » South Dade Center prale Miami Heights Elementary 17661 S.W. 117 Ave.
- » South Dade Senior prale Miami Killian Senior 10655 S.W. 97 Ave.
- » South Dade Skills Center prale Kendale Lakes Elementary 8000 S.W. 142 Ave.
- » Title I Migrant Education Office Chapman Partnership Early Childhood Center South prale Palmetto Middle 7351 S.W. 128 St.
- » West Homestead Elementary prale Pepper, Claude Elem. 14550 S.W. 96 St.
- » Whigham, Dr. E.L. Elementary and PLC prale Pinecrest Elementary 10250 S.W. 57 Ave.
- » Whispering Pines Elementary prale Howard Drive Elementary 7750S.W. 136 St.

Ti bèt

Si yo mande w evakye, se pou w pran ti bèt ou yo ansanm avè w. Planifye sa w pral fè ak fason ou pral pwoteje yo depi kounye a. Tanpri, sonje se mèt ti bèt la ki responsab pou satisfè tout bezwen ti bèt li a nan yon abri piblik.

Enstriksyon pou ti bèt yo:

- » Pa gen anpil plas pou ti bèt yo nan abri piblik yo. Espas sa yo rezève pou moun ki gen ti bèt ki rete nan yon zòn kote yo mande moun evakye sèlman.
- » Mèt ti bèt la ta dwe pran yon papye idantifikasyon avè l, paske sa gendwa nesesè pou yo remèt li ti bèt li a annapre.
- » Mèt ti bèt la ta dwe pran yon bwat oswa yon kaj pou mete oswa pou transpòti bèt li a, ase manje pou senk jou, dra oswa kouvèti pou ti bèt la ka dòmi, bòl pou l manje, jwèt ak nenpòt medikaman ti bèt li a bezwen.
- » Yo PAP aksepte bèt yo fè elvaj avèk yo ni reptil nan abri piblik ki resevwa ti bèt domestik yo.
- » Yo gendwa bay bèt ki agresif yo oswa bèt yo klase kòm bèt ki danjere oswa ki ka danjere yo kalman, oubyen yo gendwa trete yo yon fason ki espesyal pou elimine menas yo prezante pou piblik la oswa pou moun ki responsab entèvansyon ijans lan.
- » Tout chen ak chat ta dwe gen tout vaksen pou laraj yo ajou, yo ta dwe gen lisans yo mande pou chen yo oswa yon mikowtchip, e mèt yo ta dwe ajou ak tout prekosyon ki nesesè yo pou evite pis ak tik.
- » Se nan menm lè yo ouvri oswa fèmen abri a pou piblik la y ap ouvri oswa fèmen pati ki rezève pou ti bèt yo.
- » Abri a pap responsab si gen bagay ki pèdi, si gen moun ki blese, si gen moun ki pran yon maladi trapan oswa ki pran parazit akòz lòt bèt.
- » Moun ki gen ti bèt yo pap otorize soti nan abri a san ti bèt yo.
- » Se sèlman bèt sèvis ak bèt ki la pou bay mèt yo sipò emosyonèl y ap otorize akonpaye mèt yo nan pati abri a ki rezève pou piblik la. Yo gendwa mete bèt ki pa bèt sèvis yo yon kote ki apa nan abri a.

Enfòmasyon pou agrikiltè

- Si w gen bèt ou fè elvaj avèk yo:
- » Si sa posib, mete bèt sa yo nan yon abri ki fèmen. Asire w gen ase vantilasyon pou pa gen twòp chalè e pou bèt yo pa toufe.
 - » Si yo mande w evakye, kite ase dlo ak manje pou plizyè jou.
 - » Itilize manje ki sere deja si sa posib.
 - » Suiv estasyon radyo lokal yo oswa chenn televizyon lokal yo pou jwenn plis enstriksyon ak enfòmasyon.

Si w kiltive pwodui alimantè:

- » Pa manje ni vann pwodui sa yo jiskaske reprezantan otorite yo ki responsab agrikilti bay plis enstriksyon sou sa.
- » Suiv estasyon radyo lokal yo oswa chenn televizyon lokal yo pou jwenn plis enstriksyon ak enfòmasyon.

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte ajan estansyon agrikòl lokal ou a epi mande l bwochi ki gen tit "Agriculture and Nuclear Power in Florida".

Pwoblèm sante

Si w bezwen èd pou evakye akòz yon pwoblèm sante, si w bezwen yon metòd transpò espesyalize oswa si w bezwen yon lòt èd espesyal pou evakye, ou ta dwe enskri nan ajans jesyon ijans lokal ou davans. Moun ki ka bezwen èd pou yo evakye se gendwa moun ki:

- » pa kapab evakye poukонт yo poutèt yo bezwen yon metòd transpò espesyalize;
- » oblige ret lakay yo toutan, ki pa kapab mache pou ale kote bis la ap pase e ki pa gen moun ki ka al chèche yo;
- » gen bezwen medikal ki anpeche yo evakye poukонт yo;
- » pasyan ki oblige kouche nan kabann yo toutan;
- » pasyan ki depann de yon ekipman medikal ki fonksyone ak kouran pou yo rete an vi;
- » ka bezwen èd pou fè aktivite moun fè chak jou yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram èd nan kad ijans ak nan kad evakyasyon, tanpri ale sou sit Entènèt jesyon ijans konte a oswa eta a, oubyen rele 3-1-1 pou sa.

Moun ki nan yon mezon retrèt, lopital, nan yon sant rezidans asiste, nan yon lekòl prive, nan gadri, nan jaden danfan oswa nan prizon

- » Etablisman sa yo gen pwòp plan jesyon ijans pa yo e plan sa yo gen pwosedi pou evakyasyon tou.
- » Tcheke sa avèk etablisman an davans pou verifye ki plan evakyasyon li genyen.

Konprann sa enèji nikleyè ak radyasyon ye

Avantaj santral nikleyè Turkey Point lan genyen:

- » Li pa bay gaz oswa emisyon lòt sibstans ki fè tanperati a monte nan atmosfè a
- » Li pwodui yon elektrisite ki pwòp, ki fyab e ki bon mache
- » Li pèmèt plizyè santèn moun ki rete nan zòn nan gen yon bon djòb
- » Li se yon lidè nan domèn pwoteksyon anviwònman an nan rejyon an
- » Li se yon gwo fòs ekonomik pou tout eta a

Konprann santral nikleyè yo

Santral nikleyè yo kreye vapè pou fè lanm yon tibin vire pou l pwodui kouran. Santral nikleyè yo sèvi ak iranyòm kòm konbistib nan yon pwosesis yo rele fisyon nikleyè. Reyakson fisyon an bay chalè e se chalè sa a ki kreye vapè a.

Konbistib iranyòm ki anndan reyaktè a se yon matyè radyoaktif li ye. Yo kenbe l yon kote ki gen sekirite e yo siveye l toutan pou pwoteje sekirite ak sante piblik la. Yo mete konbistib la nan yon seri ti pastiy seramik e yo anpile pastiy sa yo anndan yon seri tib metalik ki long. Yo pran tib sa yo pou fòme yon seri asanblaj konbistib yo plonje nan dlo anndan kè reyaktè a. Kè reyaktè a chita anndan yon kiv presyon ki gen yon parwa nèf pou epesè ki antoure l. Kiv sa a chita anndan yon biling ki solid ki fèt ak yon beton siman ki kouvari ak asye.

Ki sa radyasyon ye?

Radyasyon se pa yon bagay ki fèk parèt ni se pa yon mistè, men se yon bagay natirèl ki fè pati anviwònman nou an. Radyasyon, oswa reyònman, se enèji sou fòm yon patikil oswa yon onn ki soti nan yon matyè. Gen ti kantite eleman radyoaktif ki parèt natirèlman tout kote nan anviwònman nou an. Nan peyi Etazini, se sous natirèl ki responsab majorite radyasyon nou pran chak ane. Gen radyasyon ki soti nan egzamen medikal yo tou, tankou nan radyografi, nan tomodansitometri ak nan etid medsin nikleyè. Kèk nan bagay nou itilize chak jou yo, tankou detektè lafimen, bay ti kantite radyasyon tou. Mwens pase yon poustan radyasyon moun pran an soti nan santral nikleyè.

Yo mezire radyasyon ak inite yo rele miliòm. Yon miliòm se yon inite yo itilize pou mezire kantite radyasyon yon moun resevwa. Grafik la montre ki kantite radyasyon nou pran nan diferan sous. Pou radyasyon an ka lakòz yon efè byolojik ki ka mezire kay moun yo, piò syantifik yo rekònèt nivo espozisyon an dwe rive nan anviwon 25,000 miliòm nan yon sèl espozisyon ki pa dire anpil tan.

Yon espozisyon anba yon gwo kantite radyasyon ka danjere pou sante yon moun. Sepandan, etandone endistri nikleyè a pran yon gwo angajman pou sekirite a, prèske pa gen chans pou yon bagay konsa ta rive.

Nou mete anpil aparèy siveyans nan santral nikleyè Turkey Point lan ak nan zòn ki toutotou l la pou detekte menm yon ti yota radyasyon. Si radyasyon an ta monte pi wo base nivo ki nan anviwònman natirèl la, aparèy siveyans yo ap avèti moun k ap travay nan santral la e moun sa yo ap avèti reprezantan otorite eta ak konte yo.


Yodi potasyòm

Nou pran yon seri prekosyon espesyal pou evite moun espoze anba yòd radyoaktif. Yòd la se yon gwo produi ki sot nan fisyon an e li gendwa soti deyò si gen aksidan nan yon santral nikleyè. Yòd se yon sibstans nou dwe egzamine ak anpil atansyon poutèt li konsantre nan glann tiwoyid la, menm jan fè se yon sibstans ki konsantre nan san an oswa kalsyòm se yon sibstans ki konsantre nan zo yo.

Yon ti kantite radyasyon ki pa ta bay pwoblèm si l te gaye tout kote nan kò a gendwa serye si l konsantre nan tiwoyid la. Pou evite espozisyon sa a, yo gendwa mande w pran yon konprime ki bloke tiwoyid la. Anjeneral, konprime sa a gen yodi potasyòm ladan l. Konprime ki bloke tiwoyid la gen yòd ki pa radyoaktif ladan l. Lè w pran l anvan oswa tousuit apre ou espoze anba yòd radyoaktif la, li plen tiwoyid la ak yòd ki pa rayoaktif la. Etandone tiwoyid la pap absòbe plis yòd, nenpòt yòd radyoaktif ki antre nan kò a annapre ap gaye tout kote nan kò a e kò a ap elimine l rapid ak lòt dechè yo.


Otorite yo gen obligasyon pou yo gen yon rezèv yodi potasyòm (KI) pou yo ka mete l a dispozisyon tout moun ki rete nan zòn planifikasyon pou ka ijans lan, sètadi nan yon distans 10 mil ak yon santral nikleyè. Yo konsidere se moun sa yo ki anba pi gwo risk la e se yo menm y ap distribye pwodui sa a an premye. Ofiramezi plis pèsonèl ak plis resous vin disponib, yo gendwa bay lòt moun KI tou. Li enpòtan pou konprann, si ta gen yon aksidan grav, moun ki rete toupre santral yo pa ka annik pran yon konprime pou bloke tiwoyid la olye yo evakye rapid oswa olye yo chèche ale nan yon abri.

Plan ijans yo la pou pwoteje w nan yon ka ijans nikleyè, menmsi pa gen anpil chans pou sa ta rive. Reprezantan otorite eta ak lokal yo prepare yon seri nòm pou pwoteje moun yo kont radyasyon an. Nòm sa yo mande pou yo mete sou pye yon entèvansyon pou pwoteje moun yo nan yon nivo ki pi ba lontan pase sa ki te ka danjere pou sante w. Si reprezantan otorite eta ak lokal yo panse nivo radyasyon an ap rive nan nivo nòm yo defini pou mete yon entèvansyon sou pye, yo pral sèvi ak sistèm alèt pou ka ijans lan pou fè w konnen ki jan ou ka pwoteje tèt ou ak fanmi w.




Kat planifikasyon pou ka ijans

Pou evite pèdi tan e pou evite konfizyon pandan yon ijans, men kèk enfòmasyon k ap ede w prepare w ak fanmi w. Gade lis ki nan fen dokiman sa a pou verifye si fanmi w te fè tout sa ki nesesè nan kad planifikasyon pou ka ijans.



Zòn 1

Zòn 1 gen inite 3 ak 4 Turkey Point lan.




Zòn 2

Zòn 2 se zòn ki anndan limit sa yo:
Yon won ki gen yon reyon 2 mil
toutotou inite 3 ak 4 Turkey Point lan.


Zòn 3

Zòn 3 se zòn ki anndan limit sa yo:
Palm Drive (SW 344th Street) nan direksyon lwès, sot nan limit zòn 2 a rive nan SW 137th Avenue. 137th Avenue nan direksyon sid rive nan Card Sound Road. Card Sound Road nan direksyon sid rive nan Card Sound. Nan direksyon nò sou bò lanmè a rive nan limit zòn 2 a.




Zòn 4

Zòn 4 se zòn ki anndan limit sa yo:
SW 280th Street nan direksyon lwès,
sot nan bò lanmè a rive nan SW
107th Avenue. SW 107th Avenue
nan direksyon nò rive nan SW 268th
Street (Hainlin Mill Drive). SW 268th
Street nan direksyon lwès rive nan
SW 137th Avenue. SW 137th Avenue
nan direksyon sid rive nan Palm Drive
(SW 344th Street). SW 344th Street
nan direksyon lès rive nan limit zòn 2
a. Suiv limit zòn 2 a rive sou bò lanmè
a epi suiv bò lanmè a nan direksyon
nò rive nan SW 280th Street.



Zòn 5


Zòn 5 se zòn ki anndan limit sa yo:
Eureka Drive (SW 184th Street)
nan direksyon lwès, sot nan bò
lanmè a rive nan S Dixie Highway
(U.S. Highway 1). U.S. Highway 1
nan direksyon sid rive nan Florida
Turnpike. Florida Turnpike nan
direksyon sid rive nan Black Creek
Canal. Suiv Black Creek Canal nan
direksyon sid rive nan bò lanmè a.
Suiv bò lanmè a nan direksyon nò rive
nan Eureka Drive.



Zòn 6

Zòn 6 se zòn ki anndan limit sa yo:
Caribbean Boulevard (SW 200th Street) nan direksyon lwès, sot nan kafou ant U.S. Highway 1 ak Florida Turnpike rive nan SW 122nd Avenue. SW 122nd Avenue nan direksyon sid rive nan SW 204th Street. SW 204th Street nan direksyon lwès rive nan SW 127th Avenue. SW 127th Avenue nan direksyon sid rive nan Hainlin Mill Drive (SW 216th Street). SW 216th Street nan direksyon lwès rive nan SW 137th Avenue. SW 137th Avenue nan direksyon sid rive nan Moody Drive (SW 268th Street). Moody Drive nan direksyon lès rive nan SW 107th Avenue. SW 107th Avenue nan direksyon sid rive nan


SW 280th Street. SW 280th Street nan direksyon lès rive sou bò lanmè a. Suiv bò lanmè a nan direksyon nò rive nan Black Creek Canal. Suiv Black Creek Canal nan direksyon nò rive nan Florida Turnpike. Florida Turnpike nan direksyon nò rive nan kafou ak U.S. Highway 1, sou bò nò Caribbean Boulevard.



Zòn 7


Zòn 7 se zòn ki anndan limit sa yo:
Hainlin Mill Drive (SW 216th Street)
nan direksyon lwès, sot nan kafou ak
SW 137th Avenue rive nan Naranja
Road (SW 147th Avenue). Naranja
Road nan direksyon sid rive nan
Silver Palm Drive (SW 232nd Street).
Silver Palm Drive nan direksyon lwès
rive nan Newton Road (SW 157th
Avenue). Newton Road nan direksyon
sid rive nan Coconut Palm Drive
(SW 248th Street). Coconut Palm
Drive nan direksyon lwès rive nan
Tennessee Road (SW 167th Avenue).
Tennessee Road nan direksyon sid
rive nan Epmore Drive (SW 272nd
Street). Epmore Drive nan direksyon

lwès rive nan Krome Avenue
(SW 177th Street). Krome Avenue
nan direksyon sid rive nan Biscayne
Drive (SW 288th Street). Biscayne
Drive nan direksyon lès rive nan SW
137th Avenue. SW 137th Avenue nan
direksyon nò rive nan kafou ak Hainlin
Mill Drive.




Zòn 8

Zòn 8 se zòn ki anndan limit sa yo:
 Biscayne Drive (SW 288th Street) nan direksyon lwès, sot nan kafou ak SW 137th Avenue rive nan Redland Road (SW 187th Avenue). Redland Road nan direksyon sid rive nan SW 392nd Street. SW 392nd Street nan direksyon lès rive nan SW 137th Avenue.



Zòn 9

Zòn 9 se zòn ki anndan limit sa yo:
 SW 392nd Street nan direksyon lwès,
 sot nan kafou ak SW 137th Avenue
 rive nan SW 182nd Avenue. SW
 182nd Avenue nan direksyon sid rive
 nan Dade County Work Camp Road.
 Work Camp Road nan direksyon lès
 rive nan Card Sound Road (wout la
 fini nan U.S. Highway 1). Card Sound
 Road nan direksyon sid rive nan SW
 137th Avenue. SW 137th Avenue nan
 direksyon nò rive nan kafou ak SW
 392nd Street.




Zòn 10

Zòn 10 la se moun ki rete Ocean Reef Community, Key Largo Anglers Club epi Card Sound Road, ak moun ki vizite zòn sa yo.

Wout evakyasyon pou zòn 10 la:

Tout moun ta dwe evakye nan direksyon sid sou County Road 905 ak US 1. Abri a se pral Key Largo Elementary School, MM 105.



Lis tout bagay ki pou fèt nan yon evakyasyon:

Si yo mande tout moun evakye nan zòn ou a, san w pa panike, prepare tout sa w ap bezwen pou yon semèn ak atansyon. Ou ka sèvi ak lis sa a pou prepare.

Bagay pou fè:

- » Suiv estasyon radyo lokal ou oswa chenn televizyon lokal ou. Reprezantan otorite yo pou ka ijans pral ba w enfòrmasyon ak enstriksyon.
- » Suiv tout enstriksyon yo bay sou evakyasyon.
- » Fèmen kay ou byen fèmen. Klete pòt yo epi bloke fenèt yo.
- » Se pou moun ki gen ti bèt sonje ti bèt sa yo mande yon kondiserasyon espesyal. Mèt ti bèt yo ta dwe prepare pou yo pran swen ti bèt sa yo e pou yo toujou kenbe yo sou kontwòl. Tanpri ale sou sit Entènèt jesyon ijans konte oswa eta w la pou jwenn plis enfòrmasyon sou fason pou prepare ti bèt yo e pou konnen ki kote ou sipoze enskri yo.
- » Si w pa nan zòn yo deklare pou evakyasyon an, ou pa ta dwe evakye. Kontinye siveye evènman an epi suiv enstriksyon otorite lokal yo. Si yon moun evakye alòske sa pa nesesè, sa gendwa mete fannni w ak lòt moun an danje, paske sa ka bloke trafik la e sa ka ralanti moun k ap eseye soti nan zòn ki afekte a.
- » Si w bezwen èd pou evakye, kontakte ajans jesyon ijans lokal ou depi kounye a pou pran dispozisyon ki nesesè yo.

Bagay pou pran avè w:

Atik medikal

- » Medikaman sou preskripsyon
- » Linèt oswa vè kontak
- » Fo dan
- » Manje espesyal ou bezwen
- » Ekipman medikal
- » _____
- » _____
- » _____
- » _____
- » _____
- » _____
- » _____
- » _____
- » _____

Atik pou pran swen bebe w

- » Manje pou bebe w ak lèt an poud
- » Kouchèt ak ti twal ki tou mouye pou siye l
- » Jwèt ak kouvèti pitit ou plis renmen an
- » Boutèy dlo
- » _____
- » _____
- » _____
- » _____
- » _____
- » _____
- » _____
- » _____

Rad anplis

- » Ase rad pou plizyè jou pou chak moun
- » Soulye
- » Djakèt oswa vès, selon tanperati a
- » _____
- » _____
- » _____
- » _____
- » _____

Atik ijjèn pèsònèl

- » Bwòsadan/pat dantifris
- » Bagay pou raze
- » Atik sanitè
- » Savon/chanpou espesyal
- » _____
- » _____
- » _____
- » _____
- » _____
- » _____
- » _____
- » _____

Lajan

- » Lajan kach ak kat debi/kredi
- » Kanè chèk

Dokiman idantite ak papye ki enpòtan

- » Lisans pou kondui
- » Lis tout medikaman w yo
- » Paspò
- » _____
- » _____
- » _____
- » _____
- » _____
- » _____

Dra ak kouvèti pou dòmi

- » De kouvèti oswa yon sak pou dòmi pou chak moun
- » Zorye
- » Sèvyèt

Lòt bagay ki ka nesesè

- » Radyo pòtab ak pil derechanj
- » Flach ak pil derechanj
- » Chajè pou telefòn selilè
- » Kle machin anplis
- » _____
- » _____
- » _____

Nou espere gid sa a ap itil ou. Sonje gid la pa yon lis ki mansyone tout bagay ou ka fè pou prepare w. W ap jwenn plis resous sou **Ready.gov**.

Planifye davans:

Pou evite pèdi tan e pou evite konfizyon pandan yon ijans, men kèk enfòmasyon k ap ede w prepare w ak fammi w.

Mwen rete nan zòn planifikasyon pou ka ijans: _____

Sant resepsyon pou ka ijans mwen an se: _____

Pi bon wout evakyasyon mwen an se: _____

Men ki kote mwen ka al chèche ptit mwen yo nan etablisman ki resevwa yo: _____

Plan an pou ti bète mwen yo: _____

Pwogram pou teste sirèn yo

Si ta gen yon ijans, menmsi pa gen anpil chans pou sa ta rive, sirèn avètisman eksteryè yo gendwa ap sonnen pou fè w konnen ou sipoze antre epi suiv medya lokal yo pou jwenn plis enfòmasyon.

- » Si w tande yon sirèn oswa si w resevwa yon alèt ijans, sa pa fòseman vle di ou oblige evakye zòn nan.
- » Chak premye vandredi nan mwa mas, jen, septanm ak desamm, a 1 è nan aprèmidi, reprezantan otorite lokal yo pou jesyon ijans toujou teste sirèn yo.
- » Tès sa yo gen twa pati ladan yo:
 - Y ap voye yon mesaj vèbal nan plizyè lang pou kòmanse tès la.
 - Yon sirèn avètisman ap sonnen pou yon ti tan tou kout (mwens pase yon minit).
 - Y ap voye yon mesaj vèbal nan plizyè lang pou fini tès la.
- » Anplis tès yo planifye pou sirèn yo, ou gendwa tande sirèn avètisman yo sonnen pandan travay mentnans yo toujou konn fè yo oswa si sa ta rive pou gen yon pàn akoz yon kout zèklè.
- » Si w tande yon sirèn alòske se pa jou pou yo teste yo, antre kote ou ye a epi suiv estasyon radyo ak/oswa chenn televizyon sistèm alèt pou ka ijans lan pou jwenn plis enfòmasyon.
- » Si w bezwen plis enfòmasyon oswa si w gen kesyon, ou mèt kontakte biwo jesyon ijans konte w la.

Kowòdone

Pandan yon ijans, li enpòtan pou w pa sèvi ak liy telefòn yo pou moun k ap patisipe nan entèvansyon ijans lan ka itilize yo. Pa rele moun nan telefòn, sof si w bezwen yon èd espesyal. Si w bezwen yon èd espesyal, rele 911.

Enskri pou w ka resevwa mesaj dirèkteman sou telefòn selliè w pandan yon ijans.

Moun ki rezidan konte Miami-Dade: www.MiamiDade.gov/alerts | @MiamiDadeEM

Moun ki rezidan konte Monroe: www.MonroeCountyEM.com/AlertMonroe | @MonroeCounty

Se Florida Power & Light ki te prepare enfòmasyon sa yo ansannm ak Florida Department of Homeland Security and Emergency Management, Miami-Dade County Emergency Management Agency, ak Monroe County Emergency Management Agency. Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan men nenpòt nan òganizasyon sa yo:

Miami-Dade Emergency Management
(305) 468-5400
Miamidade.gov/fire/emergency-management.asp

Rele 3-1-1 si se nan konte Miami-Dade
ou ye, oswa (305) 468-5900 si w pa nan
konte a.

TDD/TTY: (305) 468 5402

Miami-Dade Police Department
(305) 4-POLICE (476-5423)

Florida Health Department nan konte
Miami-Dade
(800) 342-3557

Monroe County Emergency Management
(305) 289-6018
MonroeCountyEM.com/TurkeyPoint

Monroe County Sheriff's Office
(305) 853-3211 (24-èdtan)

Ocean Reef Department of Public Safety
(305) 367-2222 (24-èdtan)

Florida Health Department nan
konte Monroe
(305) 293-7500

State Assistance Information Line (SAIL)
(800) 342-3557
floridadisaster.org

Sit Entènèt santral nikleyè Turkey Point lan
turkeypointnuclear.com